# КIудияб Бергьенлъиялъ - 70 сон!

Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 17-18 (7158)
8 май 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru


## БахIарчияб гIелалъул праздник



Жакъа тIолабго улкаялда цадахъго нилъер районалъул гIадамаз рекIелъ рохалил асаргун кIодо гьабулеб буго щивасе бищун гIагараб праздник – немцазул фашизмалда тIад Советияб халкъалъ КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул байрам. Гьеб цIар рагIараб, инсаниаталда абадиялъго кIочене гьечIеб Бергьенлъиялъул праздник кIодо гьабулеб буго бищунго къадруяб, бищунго гIагараб праздник гIадин.

Гьеб къо лъугьана дунялалъулго тарихалда бищунго гIассияб ва захIматаб рагъулъ Советияб халкъалъ, гьелъул бахIарчиял рагъулал къуватаз цIар рагIараб бергьенлъи босиялдалъун дунялго хIайранлъараб къолъун.

КIиабилеб дунялалъул рагъулъе фашистаз цIан букIана 6I пачалихъ, армиялде ахIун вукIана II0 миллион гIанисев солдат ва офицер, 60 миллион гIанисев чияс гIумру кьуна рагъда. Немцазул фашистал нилъер улкаялде тIаде кIанцIана тIолалгоязде гIагарун Европаялъул пачалихъалги мутIигI гьарун. Гьезул къуватги нилъеразулалдаса 2-3 нухалъ цIикIкIараб букIана. Рагъул авлахъалдаго Гитлерил фашистазул къасд букIана хехаб куцалда СССРги кодобе босизе. Амма кватIичIого гьезда бичIчIана жидер планалги къасдалги мекъи рукIин. Хасго Москвалде жанире лъугьине бажаричIолъиялъги, Ленинград цIунаразул къо хIехьеялъги, Сталинградалда жидедаго щвезабураб кутакаб кьабиялъги, Северияб Кавказалде церехун риччачIолъиялъги рекIеда ратизарурал фашистазда бихьана гIагараб ВатIан цIунизе Советияб халкъалъул бугеб таваккал.

Рагъул фронтазда Советиял рагъухъабаз, тылалда хIалтIараз ва рекьарухъабаз бихьизабуна цоги гьечIеб гIадаб бахIарчилъиги къо хIехьейги, лебаллъиги.

Тушманасда тIад бергьенлъи босиялъулъ бахIарчияб бутIа лъуна нилъер Дагъистаналъги. МугIрузул улкаялъ ВатIан цIунизе рагъде ритIана I80 азарго гIанисев чи. Гьездасан рагъул авлахъалда хутIана 90 азарго рагъухъан.

Нилъер районалдасаги дол соназ рагъде ана 950 чи, гьездасан жакъасеб талихIаб къоялъе гIоло жидерго гIолохъанаб гIумро кьуна 543 чияс. Рокъоре тIад руссун рачIарал 4I0 чиясдасан жакъа къоялде чIаго хутIун руго район тун къватIирехун ругел чанго чи.

Рагъда дагъистанияз бихьизабураб гьунаралъе тIадегIанаб къимат кьуна ВатIаналъ. МугIрузул улкаялъул 58 чиясе кьуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар, гIемерал рагъухъаби мустахIикълъана орденазе ва медалазе.

Жакъа ракI-ракIалъ баркула районцоязда, хасго тылалда хIалтIаразда КIудияб Бергьенлъи



босаралдаса 70 сон тIубай. Гьарула щивасе сахлъи, рохел, талихI, роцIараб зоб, гвангъараб бакъ. Биччанте нужеда киданиги рагъул гъугъай рагIунгутIизе!

***ГI. НУРМУХIАМАДОВ.***
***Райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев.***

## Хваразул цIаралдасан

БукIунищ хваразе жужахI лъаларо,
Жегиги чIагого бихьана дида,
ЧIваразе алжан щвей-эбги лъаларо,
Эниса вуссарав вихьичIо жеги.
Амма бихьана рагъ-балагьалъул рагъ,
Мегъалги хурзалги бица лъалъараб,
Лъимер эбелалъул каранда чIвалеб,
ЧIварай эбелалда лъимер хахулеб.
БукIана, гьудул, рагъ гьужумалдаса
Гьаб кканин бицине чи тIад вуссинчIеб,
ТIолго ротаялъул хъизамазухъе
Зигара бан кагътал цо къоялъ хъвараб.
БукIана гьалдолеб хIатIикь бугеб ракь,
ХIурулъ тIерхьун дунял, тIаде гуллил цIад.
Гвангвара борлъарал, нилъу гъурарал,
Гъуждулги хIатIалги кIиялго тIурал,
КIиябго бадиса канлъи тIагIарал,
КIиябго квердаса килщал лъугIарал,
Лъураб ругъуналда рукъабиги ран,
Рагъул авлахъ тезе инкар гьабурал.

РукIана, дир гьудул, бахчун щибилеб
Бахъун жиндихъе нус кьеян гьарулел,
Гьаб гIазабалдаса хех эркенлъизе
Керен бакьулъ речIчIун чIваян гьарулел.
РукIана магжида нус бахъилалде
Рахъарал гIолилал офицерзаби,
ЭменгIан гьездаса ригьалъ кIудиял
РукIана солдатал михъал кьурарал.
Кьварарал рукIана мугIрул гIадинал,
Недегьал рукIана, авлахъал гIадал,
ГIурул хъуди гIадал, хехал рукIана,
РукIана сасарал сардал гIадинал.
РукIана киналго цIакъ гIадатиял,
ГIолилалгун херал, цIакъ ракI жубарал.
АнцIгояс бухIулеб цохIо папирос,
АнцIгояв кваналеб цохIо котелок.
Цо йикIана эбел азаргоясул-
Умумулги нилъги рижараб ВатIан.
Азарго йикIана цоясул эбел-
Улкаялъго тIалаб гьабуна гьесул.

Гьедин рагъана ниж цIадул коронир,
ЦIа нужеда хъвазе теларин абун.
Хадусеб гIелалъе гIумру цIунизе
ГIолохъанлъиялъе рокьи цIунизе.
Нижер жив-живасул рукIана рукъзал,
Рижарал росаби, гьениб хъвай-хъвагIай,
Гьарураб мехалда ахIарал цIарал-
Умумузул росун нижее кьурал.
Щивасул йикIана чехьалъул эбел,
Абурай яс, яги ячарай лъади.
Лъимал - ниж лъалелги, ниж лъаларелги
Цо-цо ниж ун хадур ургьир лъуралги.
Гьудул-гьалмагъзаби рукIана нижер
РакI бащад цоцазе ургъел бикьулел,
Ахираб гIеч хъвалхьун гIахьал гьабулел,
Ахираб хъалиян кIихIи бекулел.
ГIабдулмажидовал рукIана нижгун,
ГIабдулманаповал рукIана нижгун,
МухIамад ХIажиев, СагIду Мусаев,
МагIарул бахIарзал къанщана гьенир.

Ниж Сугъралъа руго, ЧIикIаса руго,
ЧIохъа, ТIелекьа, Хунзахъа руго,
КIкIаратIаса руго, ГIандиса руго,
ГIириса, КъахIиса, ГьоцIалъа руго.
РукIана, гьечIо ниж, чIвана, рукъана,
Рокъоре ритIана ахирал кагътал.
Угьун хIухьел биччан, бухIун магIу тIун,
РакI-ракIалъ гIодана доб мехалда нуж.
Жидерго юргъагун, хехаб рилълъада
Нилълъеца рикIкIана моцIал ва сонал.
ЦIадаз гьумер чурун, гьеб бакъалъ бацIцIун,
БуцIцIизе, гIуцIизе лъугьана дунял.
Нижер хабалазда хер гIурччинлъана,
ГIодобе къан ракьул гохI гьитIинлъана.
Гьелда цадахъ нужер ургъел дагьлъана,
Унтулел рукIарал ракIал сахлъана.

ГIабдулмажид
ХАЧАЛОВ.

** I94I соналъул июналда фашистияб Германиялъ цоялда хадуб цояб Европаялъул гIемерисел улкаби рахъана: 35 къойида жаниб щущахъ бихххизабун букIана Польша, сордо-къоялда жаниб кверде бачIана Дания, рахъун рукIана Норвегия, Белгия, Голландия ва Люксенбург. КIудияб къей щвана Англиялъул экспедиционнияб армиялъе. Нацистаз кверде росана Балканалъул чанго улка.*
** Совет Союзалде тIаде кIанцIараб фашистияб армиялда гьорлъ букIана I90 дивизия ва 4 гьаваялъул флот – 5,5 миллион солдат ва офицер, 47 азаргоялдаса цIикIкIун гIарада ва миномет, гIага-шагарго 4,3 азарго танк ва штурмалъулаб гIарада, 5 азаргогIан рагъулаб самолет.*

# Юбилеялъулал медалал кьуна



РагIалде бахъана «I94I-I945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 70 сон»,- абураб юбилеялъулал медалал кьеялъул хIалтIи. Гьал къоязда гьел кьуна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул къоролзабазе ва Унсоколо росдал тылалда хIалтIулел рукIаразеги. Нилъер районалдаса 99 чиясе кьуна юбилеялъулал медалал. Щибаб росулъ медалал кьеялъул иш ана рохалилаб ахIвал-хIалалда. Ветераназулгун дандчIвай гIуцIун букIана праздникаялъулаб къагIидаялъ къачIарал столазда нахъа. Чорхол сахлъи гьечIолъиялдалъун дандчIваялде рачIине кIвечIезе юбилеялъул медалал росун гьезул рокъо-рокъоре ун рукIана. Гьел кьеялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместителал Сахратула АхIмадовас, Запир АхIмадовас, райадминистрациялъул бетIера-сул кумекчи МухIамаднаби ХIайбулаевас ва райадминистра-циялъул цогидаги хIалтIухъабаз.

Медалал кьеялъул иш ра-гIалде бахъун хадуб гIаммаб информациялъул алатаздасан районалъул ветераназде хитIаб гьабун кIалъазе вахъана райад-министрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГIиса НурмухIамадов. Гьес абуна «Хириял ветераназ, нижее кIудияб рохеллъунги хIурмат-лъунги букIана нужее КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул юбилеялъулал медалал кьезе щвей. Кидаялиго, ай гьанжеялдаса 70 алдаса цIикIкIун соназ цебе нужеца нужерго бахIарчилъиялдалъунги,



къо хIехьеялдалъунги тылалда захIмалъабазе ва къварилъабазе къуркьичIого букIинабуна нижее гьаб жакъасеб эркенлъи. Гьеб цIар рагIараб лъугьа-бахъиналда цебе изну кье дие дирго ва райадминистрациялъул тIолалго хIалтIухъабазул цIаралдасан ну-жеда КIудияб Бергьенлъиялъул – къо баркизе, гьаризе нужее талихIги рохелги, щулияб сахлъиги»

# Районалъ - фронталъе

70 сон сверана КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса, амма нилъер чIахIияб гIелалъ ВатIан цIуниялъе гьабураб кумек хутIана гьезул бахIарчилъиялъе ва бихьинчилъиялъе, ВатIаналъе ракI бацIцIадго хъулухъ гьабиялъе гвангъараб мисаллъун.

Нилъер районалъ КIудияб ВатIанияб рагъулъ кутакаб хIаракатчилъи бихьизабуна. Кинавниги рагъде ана 950 чи, гьездасан рокъоре тIад руссана 4I0 чи, фронталда хвана 540 чи, I50 чи тIагIана араб бакI лъачIого.

Рагъул соназда хIалуцараб хIалтIи унеб букIана тылалдаги. Рагъде аразул бакIалда хIалтIулел рукIана лъудби, ясал, яцал, хараби, лъимал. Гьел хIалтIана ахакь, хурзабахъ, хьихьана гIиял, бакIарана бачIин, тарбия кьуна лъималазе. ХIалтIана Терекалъул рагIалда окопал рухъиялдаги. Гьедин хIалтIун рагъул саназда бакIарараб гIарцудалъун Унсоколо районалъул гIадамаз ВатIаналъе гьабуна кIудияб кумек. Гьедин гIуцIун букIана Шамилил цIаралда бугеб танкабазул колонна ва М. Дахадаевасул цIаралда самолетазул эскадрилья. Гьеб гуребги ансадерица фронталъе бакIарун кьуна 7 тонна кьер бугеб металлалъул, I20 чу, фронталъе битIана руччабаз хьухьун гьарурал хинал щватабазул ва квердаххелазул цIикIкIараб къадар.

Ансадерица фронталъе бергьенлъи щвеялъул мурадалда жидерго рокъоб бугеб кинабго къиматаб буголъи кьолеб букIана. Гьедин бакIарана 3 млн. гъурущ.

Гьединаб хIаракатаб кумекалъухъ улкаялъул Верховнияв главно-командующий И. В. Сталиница рагъул саназда районалде бачIана баркала загьир гьабураб кагъат.

# 70 сонил хIурматалда – 70 гъветI

*Шамильхъала поселокалъул школазул цIалдохъабазе гъутIби чIезе кумек гьабуна «РусГидрорялъул» Дагъистаналда бугеб филиалалъ ва поселокалъул администрациялъ*

ГъутIби чIеялъулъ гIахьаллъана кIинусгоялдаса цIикIкIун цIалдохъан, учительзаби ва администрациялъул хIалтIухъаби. Гьез чIана 70 накIкIил гъветI.

Шамильхъалаялда гIумру гьабун рукIарал рагъул гIахьалчагIазул ахирисев ветеран хвана 20I2 соналда, амма гьеб тадбиралде рачIун рукIана Венгриялда букIараб рагъулаб лъугьа-бахъиназда «БахIарчилъиялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъарав ветеран Шарапудин МухIамаев ва Ленинградалъул блокадаялда йикIарай, гьабсагIаталда Шамильхъалаялда гIумру гьабулей Клавдия Кондратенко. «Жакъа дир буго талихIаб къо. Гьаб тадбиралда гIахьаллъизе дун ахIаралъухъ баркала буго нужее. Гьанир ругел гIолилал рихьидал, дун цIакъ йохана»,-ян бицана Клавдия Кондратенкоца.

«Рагъул балагь хъинтIичIеб хъизан цониги гьечIелъул, гьеб кинабго ракIалде щвезабиялъул мурадалда жакъа нижеца чIана 70 гъветI ва гьаб бакIалда «Бергьенлъиялъул ахилан» цIарги лъуна. Нужер жакъасеб хIаракатчилъиялдаса рагъул гIахьалчагIи разиго хутIана»,-



ян бицана школалъул директор ГъазимухIамадов ГъазимухIамадица.

Тадбиралъул ахиралда «Русгидроялъул» вакилзабаз гьеб лъикIаб ишалда гIахьаллъи гьабунщиназе кьуна сайгъаталги.

## Тылалъулгун фронталъул ветеран



ГIалибегов МухIамадхIажи гьа-вуна I924 соналъул 5 январалда ХъахIабросулъ. I94I соналъул фев-ралалде щвезегIан гIахьаллъана Терек гIоралда рагъулал щулалъаби гьариялъулъ росуцоялгун цадахъ.

I942 соналъул 2 февралалда, гIарзаги кьун ана фронталде, росуцоял Чупанов МухIамадгун, МухIамадов ГIусмангун, Раджабов Лабазангун цадахъ. ТIоцебесеб Украиналъул фронталъул 74 абилеб стрелковияб полкалда рагъулъ кваранаб бох лъукъун ккана госпиталалде. Госпиталалдаса хадув вукIана 92-абилеб стрелковияб полкалъул пулеметчиклъун. Хадув I76 пол-калъул снайперлъун. Гьенив хъулухъ гьабулаго МухIамадхIажиясул лъу-къана квегIаб гъежги. Татариялда сах гьавулеб рагъулаб госпиталалда анлъго моцIги бан, I945 соналъул апрелалда тIад вуссана гIагараб росулъе.

ХIалтIана заготконтораялда заготовительлъун, хадув Максим Горькил цIаралда бугеб колхо-залъул бригадирлъун, Гъуниб лес-ничестваялдаги. МухIамадхIажи ву-кIана ракI аваданав, кидаго киназего кумекалъе ватулев жамагIатчи. Вукъун вуго Хасавюрт шагьаралда.

*ГIабдулхIажи МУХIАМАДГIАЛИЕВ.*

*ХъахIабросо*

1941

# ВатIан цIунаразул цIарал хутIула

1945

*Нижеда дуниял чIалгIун букIинчIо, чIвана ниж гулла щун, бомба тIад бихъун.*
*Бакъулал къоязухъ урхъун рукIана, амма ВатIан цIунун цIадулъе ана!*



## Фронталдаса кагъат

Бахъа, кагъат, тIаде тIубалеб гьечIин
А Дагъистаналде, бице дир салам.
Балагьея вацал, гIин тIаме яцал
Пажакъабго хабар битIизин гьанже.
Гьаваялда хIанчIихъ хIасрат бергьарал,
Къоял рачIун руго нижеде тIаде,
Росабалъе щолеб щобил багIарбакъ
Щвезабе гьаб кагъат ГьаракIунибе.
Гьава къотIун униб хъахIаб накIкIул тIел
Нижер хIалги бицун, хъизамахъе а!
ХъахIазул гуллике керенги рехун,
Севастополалъул рохьазда ругин.
РоцIараб дуниялгун гъугъайги бахъун
Пиридул цIал кьабун, къварилъи кьола.
Парададул харца жаниб накIкIги лъун
ТIохьидул цIад бала гIолохъабазде.
Базе чи лъугIаяб Гитлерил ярагъ
Гъараялъе чIана нахъ заманалде
Ракьулъан кьвагьула, кьурулъ гъугъала
Пищкъуялъул курмул басра гьарула.
Огь, мун тIадегIанав, къадруяв Аллагь
Къварилъи биччаге гIолохъабазде.
Парцул гьумералда расен гьабурал
Суризе гьарула чIегIерракьалде.
Кьолбода нур барал гъалбацIил тIанчIи
Гуллил цIадакье ккун, цIоролел ругин.
Гвангъараб бакъул нур сванилан абун
Кагъат киб битIилеб чIегIер белъараб.
ЧIалгIен буссинегIан аскIор хутIичIел
Рокъор бахIаразул хIал хисиларищ?
Рачел къан чIа абе, тIулил яцазда
ТIолго дуниялалъул канлъи лъугIидал.
Подор чIоге абе гьарурал улбул,
Магьидул лугбузда дангъва гьабурал.
Росулъ гIолилазул гIищкъу ккаразул
Къадру хвела гьанже гьаб ахIиялъухъ.
Лъадай нахъелъуй къвалакь кверги чIван,
ЧIухIулел рукIарал гIодой къулила.
КъутIпуялъул цIадул цIар хисараблъи
Лъазего биччаге эбел-инсуда.
Берал къанщулелъул къо лъикI гьабизе
Къаданире щвечIел щайзе гIагарлъи.
Палхул чан хIайранал хIасратал берал
Рахъула нухьица талихI къаразул.
Телеграмма кьола тIад адресги хьван,
ХъахIмакказул кьерал чIегIер гьаризе.
Зодор малакзабаз кумекги гьабун,
Гьаб ракь тезе гьабе гьардарав Аллагь.
Росдал годекIабахъ чIегIер бараб къо
БачIун бугин гьанже Дагъистаналде,
Дуниялалъул тIину тIадехун ккараб
Ахирияб заман щунцин гуребищ?
Цойги ниж рижарав ТIадегIанисев
Дунял толеб къоялъ къосине тоге!
ТалихI кьун рохаял гIолохъабазе
Зулму цIикIкIун буго цIар кьолебилан.
Кьалда рукIиналда гIайиб чIван гуро
ЧIаголъи лъугIула гIолохъабазул.
Палхул хIайванаца чорхол гьанги кун,
ЧIурканал лугбузул кеп холеб бугин.
Гуллилги тIабигIат батIияб буго
Лъиде битIаниги битIун речIчIулеб.
ТIолго халкъул гIалам гIажиз гьабизе
Зара бижулелъул хъвандай букIараб?
РекIел хиялалги гIащикълъиялда
ЛъугIун кколел руго гьал гIолохъаби.
Гьаваялде айги гьал къиралзаби
Къо бухIарал васал хIурухъ риччанин.

I942 соналда Севастополалъул рагъда вукIаго ГьаракIуниса ГIабдулаев МухIамад Гъазиевичас росулъе битIун бачIун букIараб кечI.

## Амма цIар-реццалда ватун гьечIо, мун

*Совет ВатIаналде тIаде къо кканин*
*Квешаб хабар буго, халкъалъ бицунеб.*
*Къоло кIиго сонил гIумруялъул вас,*
*ГIабдулсатар вуго, кьалде къачIалев.*
*Балашово шагьар, училищея*
*Роржарухъабазул лъугIана курсал.*
*Гьаваялъул рагъул лейтенантасда*
*ИЛ-2 самолет божи гьабуна.*
*Борхалъудасан гьес тушманзабазда*
*Гьалагал кьабиял щвезарулаан*
*Гьаваялъул «ассин», «чIегIераб хвелин»*
*ЦIар рагIун букIана, немцазда гьасул.*
*Ленинградалъул зобалазда тIад*
*Гьас батIияб «гама» сверизе течIо.*
*Взводалъул командир, ГIабдулаевас*
*Балтикаялда тIад квер лъун букIана.*
*Кида бесдалазда талихI батараб*



*Лъуна цIа Сатарил самолеталда.*
*«Щаклъи гьечIо, жакъа хвезехъин вуго,*
*Йохъ, гIадада хвезе дун бегьуларо*
*ТIадаб налъи буго ВатIан цIунизе».*
*Рахъ-рахъалде вуссун, хал гьабулаго*
*Халлъана ралъдада немцазул гама.*
*ЧIагояб къуватги, рагъул сурсатги*
*«Гьале ахирисеб дие щвараб рес».*
*ЦIа лъураб самолет, тIадмагIарулас*
*ТIад буссинабуна гама унелъуй.*
*ЛахIзат иналдего, гьеб кьвагьизабун,*
*Балтика ралъдалъе тIерхьун ана гьев.*
*Гастеллол гьунарги, бахIарчилъиги*
*Такрар гьабун хвана, мугIрул гIолилав.*
*Амма цIар-реццалда ватун гьечIо, мун,*
*Улка хIайранлъарав, гьаваялъул асс!*

С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.

## *ГIабдулсатарил кагъат*

«РорчIами, дир хириял, Багьаудин, Аня I ва 2 ПатIимат, цогидалги! БитIулеб буго нужехъе гIумруялъулъги хIалтIулъги кинабго лъикIабщинаб гьарун, рагъулаб, гвардиялъулаб салам. ГьабсагIаталда дир щибго цIияб хабар гьечIо, нужедаго лъалелъулха киса-кибего бугеб ахIвал-хIал. Щибго тун гъурулел руго немцал. Гьеб рахъалъ дирги хIасилал квешал гьечIо. Лъабабилеб нухалъги хIукуматалъ дир хIалтIуе къимат кьуна ВатIанияб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орденги кьун. Бераздa гIагараб ракь бихьулеб ва кверазда къуват букIаго гъуризе руго тушбаби. Цо тушманги дир гьужумалъулаб кьабиялдаса ворчIизе гьечIо. Къо мех лъикI, дир, хириял!».

***Саламгун Сатар ГIабдулаев.***
***I944 сон***

## «Саша тIад вуссинчIо»

*«ВорчIами, хирияв гьал магъ, Нур! Сон I944 соналъул 5 маялда нижехъе, Александр Андреевич ГIабдулаевасул рагъулал гьудулзабазухъе, (гьедин абулаан нижеца нужер вацасда) щвана дуца гьесухъе битIараб кагъат. У, цIакъ захIматго буго нижее, Сашал рагъулал гьудулзабазе, духъе гьаб рокьукъаб хабар хъвазе, дуеги нижее цIакъго захIматго буго хIехьезе гьаб лъугьа-бахъин. Цо къоялъ рагъулаб тIадкъайгун арав Саша тIад вуссинчIо, гьесул хIакъалъулъ щибго хабарги гьечIо. Огь, гIайиб гуроанищха, Саша! Амма нижер хьул буго Саша тIад вуссинилан.*

*Дуца яхI гьабе, ракI бекун вукIунге, вуссинчIого вукIине хъван батани щиб гьелдаги гьабилеб? Гьаб буго рагъ, рагъда камиял ккечIого рукIунаро.*

*Гьарула, Дуе, лъикIаб сахлъи, гIумруялъулъ, ишалъулъ икъбал. Къала, Дур, квер.*

**Роржарухъаби-гвардейцал В. Проскурин, А. Прокофьев, С. Купин, Г. Михайличенко.**
**1944 сон.**

## Яццлъун чIана гIурус яс

<u>ГьаракIуниса М. Пайгибовасул рагъулаб гIумруялдасан, гьаб жакъа нижеца газеталда бахъулеб бугеб ракIалде щвей ккола I945 соналъул 24 февралалда биччараб «МагIарул большевик» газеталдаса босараб, доб мехалъ гьес жинцаго Армиялдаса хъвараб макъала. Гьелда букIахъе бахъулеб буго нижецаги гьаб. Гьанже МухIамад нилъгун гьечIо, ятуларо чIаго дой гIурус ясги. Амма гIадан гIаданлъун вукIине ккола.</u>

ПалхулаI фашистаз Ленинград шагьар сверун ккураб мехалда дунги вукIана гьеб цIунулел цIар рагIарал рагъухъабазул мухьилъ. Гьел цIа боркьарал рагъазулъ нижее гьоркьоса къотIи гьечIеб кумек гьабулеб букIана Ленинградалъул бахIарчиял ясаз ва херал руччабаз. Гьез нижее битIун бачIунаан кваназе ва ретIине жо.

Цо праздникалъул къоязда Ленинградалъул ясаз битIун бачIараб посылкаялда жаниб батараб кагъаталда хъвалеб бугоан: «Гурус халкъалъул цIар рагIараб шагьар цIунулев, нижеда лъаларев рагъухъан, дуде нижер урхъараб салам ва ракI-ракIалъулаб баркала. Нижер гIолохъанаб гIумруялъул тIолабго къисмат бараб буго дур бахIарчилъиялда ва бихьинчилъиялда»,-абун.

Гьединал рагIабаз дирги дир гьалмагъзабазулги, чияр ракьал рахъулел немцазде данде гьарулел рагъазда кутакаб гьира базабулаан. Ленинил шагьаралъе гIоло гьарулел рагъал рахIму гьечIеб къагIидаялда унел рукIана. Советиял рагъухъабаз бандитазда тIад кутакаб цIа бакун букIана. Бищун рагъал роркьараб заманалда тушманасул гуллица дун захIматго лъукъана. Дида лъалеб букIана гIарадабазул ццидалал рихьиязда гьоркьосан Ленинградалъул комсомолка Полина Егоровналъ дун нахъе ваччулев вукIин. Гьей I9 сон барай гIаданалъе жиндаго тIад ваччун, дун цIадулаб ракьалдаса нахъе вачине кигIан захIмалъулеб букIарабали дида бихьулеб букIана. КигIан захIмалъаниги Полинаца дун нахъе вачана ва дару гьабулеб бакIалде щвезавуна.



Ленинградалъул госпиталазул цоялда ве гун дица лъикIалан заман бан букIана. Ленинил цIаралда бугеб шагьаралда гIагарлъухъа немцал рикIкIад гьариялъул хIурматалда нижее, лъукъарал рагъухъабазе, шагьаралъул гIадамаз сайгъатал ритIун рачIунел рукIана. Дир адресалда бачIана дойго, дун хвалдаса хвасар гьавурай Полина Егоровналъул цIаралда бугеб посылка. Гьелда жаниб батараб кагътида Ленинил шагьаралъул гьайбатай ясалъ гьадин хъвалеб букIана: «Совет ВатIаналъул цIар рагIарав рагъухъан, Пайгибов МухIамад. Пемераб заманаялъ дуца жиб цIунулеб букIараб гIурус халкъалъул кIудияб шагьар кидагоялъе немцазул фашистазул хIинкъиялдаса эркен гьабун буго. Шагьаралъул рагIаллъабазда рукIарал фашистал жакъа лъикIаланго рикIкIаде хъамун руго. Нижер ВатIаналъе гIоло – Ленинил шагьаралъе гIоло гьабураб хIурматияб хъулухъалъе гIоло дир салам ва сайгъат къабул гьабе»,-абун.

Дида кидаго кIочене гьечIо гIурус ясалъ дир гьабураб яццалъулаб тIалаб.

Баркала буго гьелъие.

** Совет Союзалъул рагъда бугеб Армиялъул къадар рагъул иналъул заманалда гьоркьоса къотIичIого тIаде цIикIкIунеб букIана. Масала, I94I соналъул июналда гьелъул къадар 2,9 миллион чи вукIун ватани, хадусеб заманалда 6,7 млн. чи вукIана.*



# Бергьенлъиялъе сайгъат гьабун




КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялда хурхун гIемераб хIалтIи гьабун буго Унсоколо районалъул Балахьуни росдал гIаммаб гьоркьохъеб школалда. ТIоцебесеб иргаялда цIи гьабун къачIана рагъдаса тIад руссинчIел росуцоял ракIалде щвеялъе гьабун букIараб мармар гьецIоялъул хъарщи, гьеб сверун къана ва гъутIби чIана. Киналго классазда кьуна «БахIарчилъиялъул дарсал», школалда гIуцIун руго: Дагъистаналъул бахIарзазул, бахIарчиял шагьаразул, рагъулал шапакъатазул ва цогидалъулги бицунел бокIнал. «Лабазанил хурул рагIал» абулеб бакIалда цIалдохъабазгун учительзабаз лъебергоялдасаги цIикIкIун гъветIги чIун гьабуна «Бергьенлъиялъул ах». Школалда лъазабун букIараб «Бищунго лъикIаб класс» къецалда бергьараб классалъул цIалдохъаби экскурсиялъ МахIачхъалаялде рачине руго.

## 12 сон барав чемпион



Столалда теннис хIаялъул рахъалъ республикаялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккурав Пахрудинов Расул ккола Балахьуни росдал гIаммаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалъул 6 классалъул цIалдохъан. Росдал ДЮСШалда гьев теннис хIазе ругьун гьавулев вуго хIалбихьи бугев тренер Якъуб ГIабдулвагьабовас. 4-5 апрелалда МахIачхъалаялда, М-С. Гусаев ракIалде щвеялъул хIурматалда тIобитIараб 200 цIалдохъанас гIахьаллъи гьабураб республикаялъул столалда теннис хIаялъул къецазул хIасил гьабидал баянлъана гьезда гьоркьов Расул бищунго къуватав вукIин. Финалалда ма-хIачхъалаялъулавгун хIалелъул 3:2 хIисабгун бергьенлъи босана Балахьуниса Расул Пахрудиновас. Гьев мустахIикълъана медалалъе, сайгъаталъе, тIоцебесеб даражаялъул дипломалъе.

Гьеб киналъулго хIасилалда Расул гIахьаллъизе кколаан Россиялъул Югалъулаб чемпионаталда. Амма гьениве витIана кIиабилеб бакI ккурав спортсмен. Баркула Расул дуда гьеб кIудияб бергьенлъи!

М. ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.

# «Лъидего бачIунгеги додинаб балагь!»

I939 соналъул июнь моцI букIана доб. Киса-кибго Советияб ракьалда ракълилаб гIумру гьабулеб букIана гIадамаз. Жиндирго гIелалъул гIолохъабазда цадахъ ВатIаналда цебе тIадаб налъи тIубазе Советияб Армиялде ахIана Унсоколоса ГIабдулаев КъебедмухIамадги. Микьго сордо-къо нухдаги бан, гьал щвана Ленинградалда аскIоб бугеб «Дибуни» абулеб станциялде. Гьениб ретIана рагъулаб форма.

Лъеберабилеб полкалда рагъулаб гьаги къабул гьабун, гьал бакI-бакIазде рикьана. Генуб росулъа ХIайбулаев Закаригагун цадахъ КъебедмухIамад рагъулаб хъулухъалъе цIалана Ленинградалда аскIоб бугеб Песочный абулеб шагьаралда.

…РакIалдаго гьечIого хисана ахIвал-хIал. КватIараб сардилъ поездалда гьал ритIана Зашейки абулеб гьитIинаб шагьаралде. Гьенир рана цодагьалго къоял.

Лъида лъалареб I94I соналъул 22 июнь. КIудияб балагь бачIана гьеб къоялъ гIолохъанаб Советиялб улкаялде. ЧIегIераб накIкI лъун букIана улкаялъул Европаялдехун бугеб бутIаялда. Рагъул байбихьудаго Баренцево ралъдада аскIоб бугеб Кольский чIинкIиллъиялъул порталъулаб шагьар Мурманскиялде хиял гьабулеб букIана гитлерилаз. Гьеб хъамалчагIаздаса цIуниялъе щулалъи кквей букIана 906 абилеб кьвагьдохъабазул КъебедмухIамад вугеб полкалъул аслияб масъала. Ралъдадасанги гьаваялдасанги гьужумал гьарулел рукIана гитлерилаз гьенире. Порталъулаб шагьар цIунизе тIадеялдаса тIаде къуват рехулеб букIана нилъецаги. Щулалъи ккуразе Сталинил кьварараб буюрухъ букIана «Цо галиялъги нахъе къаге»,-ян. Гьелъие гIиллаги кIудияб букIана. Порталъулаб шагьар – Мурманск тушманасухъе щвеялъул хIинкъи букIана. Гьениб гулла-хералъул щулияб базаги гIуцIун хъамалчагIаз нилъеда ц1ик1к1араб кьаби щвезабиялъе.

Кольский чIинкIиллъиялъул дагьабго бакI бахъун букIана гитлерилаз. Гьелдасан пайдаги босун, I942 соналда къойилго тIадекIанцIиял гьарулел рукIана гьез. Цо сордоялъ бугеб къуватги бакIарун, гьез бахъараб рахъалдехун тIаде кIанцIизе буюрухъ букIана нилъер солдатазе. Гьеб букIана ян-варь моцI. Бащдаб метраялъ борхатаб гIазулъан хъахIал халгIаталги ретIун 4 километраялъ хъурщана гьал. Къад гьарурал тIадекIанцIияздаса хадур хIалхьуда ругел немцазул махсарохочI рагIулеб букIана метрагун бащдаб бугеб сангаралда нахъа ругел гьазда. Тохлъукьего нилъер пулеметчиказ гьазда тIад цIа бакизабуна ва хъахIлъи балелде Кольский чIинкIилъиялъул гьез бахъараб бакI эркен гьабуна.

ГIажаиблъун хутIана солдатал пулеметалъул цIаялъ гIазуги биинабун, «сангаралъул» хIакъикъияб гьумер бихьараб мехалъ. ХIебет гIадаб жо бихьун, таманча тункизабуна КъебедмухIамадица гьелда. ЦIорон турараб ххамги бихъун ун, цебе лъун бугоан чIварав солдатасул гьеж. Киса-кибго гитлерилаз жидеего щулалъиялъе къед гьабун батана нилъер чIварал солдаталги цоцада тIад сокIкIун.

КъебедмухIамад гьоркьов вугев 4 чиясдасан гIуцIараб разведгруппаялъе тIадкъай кьун букIана, къасде хъурщун ун, цониги фашист чIаго кверде восизе. Солдатал хъурщана 2 къоялъ. Кодоса лъугIун букIана кваназе жо, чорхолъа тIагIунеб букIана рухI. Гьазда цадахъ вукIана Саша абун цIар бугев, канчIаб расалъул гIурусав. «РачIа цо банкаялъуб хер белъинабизин, гурони нилъ ракъуца хвезе руго»,-ян гьарана гьес. БатIайиса гьабизе ресги букIинчIо. Цогияс гьанжего гьанже чIвараб чол бохалдаса бахъун дагьа-макъабго гьанги бачIана. Гьелъул гьабуна квен.

Гьал щвана тIадкъай тIубазабизе кколеб бакIалде. ЦохIо гурони гордо гьечIеб гьитIинабго рокъоб гитлерилазул 7 чияс, цебе картаги тIибитIун, цо кинабалиго жо дандбалеб бугоан. Горда данд битIун бугеб нуцIихъ вугев ворчIухъанасул ишги лъугIизабун, гьеб бакIалда къваригIел тIубазе пикру ккана гьазул. Цояв хъаравуллъуда тун, нахъасан ворчIухъанасул каранлъ финка къазабуна Сашаца ва гьал «кверал рохе!»,-янги ахIун гитлерилал ругеб рокъоре кIанцIана.

Фашистал цо лахIзаталъ сихI къотIун хутIана ва кверал рорхана, амма гьазие битI ккечIо. Кив вукIаравали лъаларев фашистас нахъасан речIчIун КъебедмухIамадил хьибил ва квегIаб гъеж борлъана, чIвана Сашаги. Лъавудаса инегIан гьас 4 немцав гIодов ккезавуна, тIокIалъ ккараб жо лъачIо. Вигьиналде госпиталалда ватана. КIиго сордо-къоялъ чIваразда гъорлъ хутIун ватанин мунан бицунаан гьасда медицинаялъул сестра Вераца.

Ругънал сахлъигун КъебедмухIамад тIад вуссана живго вукIараб часталде. Цебеселда релъараб букIана гьаб нухалда букIараб тIадкъайги. Разведкаялъ унаго ракIалдаго гьечIого кьвагьун бачIараб гуллаялъ гьав гIодов речIчIизавуна ва лъим бугеб каналалъуве вортана. Цадахъ рукIараз КъебедмухIамад чIван вугилан тана. Чанго къоялдасан санитарияб машинаялда ватарав гьав госпиталалде щвезавуна. Чакмабазда жанир цIорон, ццурун рукIана ругьарал бохдул. Рагъулав врачас гьесдаса чакмаял къотIана ва хъахIиллъарал бохдуздеги валагьун, накалдаса бахъараб кIиябго бох къотIизе кколилан лъазабуна. –Йохъ, дун хвезе те, къотIуге,-ян разилъичIо КъебедмухIамад. Ццим бахъун гьесухъги валагьун, спирт бахана врачас бохдузда ва чанго къоялъ живго тана. Гьан туризе байбихьана ва маххул гъуцIдуз ххарцIцIана гьеб. ГIемераб заманаялъ лъавуде вачIинчIо КъебедмухIамад. Врачалги божилъи гьечIого ралагьулаан гьесде, амма кIиго моцIидасан хIатIазул малъазда сверун гьан бижизе байбихьана. –Медицинаялъе хIалбихьи щвана, баркала, бахIарчияв солдат яхIалъухъ,-ян гьасул загIипаб квер къана ригь унев рагъулав врачас…

Гьазул госпиталь букIана квараниса рохь рекIараб гьитIинабго расалъиял да. Заманаялъ къотIун букIана рагъул сас. Амма гьеб халалъичIо. ТIасан роржанхъизе лъугьана фашистазул самолетал. Йихха-хочун КъебедмухIамад вугеб полатаялъуе кIанцIун ячIарай сестраялъ «Рахъун чIезе кIолез нужеего цIодорлъи гьабе!»,-ян ахIана. Гьанжего-гьанже вахъун чIезе кIолаан КъебедмухIамадида. Гьавги Коля абулев цоги лъукъаравги цоцазе кумекги гьабулаго, рохьорехун лъутана. Гьедин унаго бихьана хъощил мисалалъул гьабураб гьитIинабго рукъ. Свакалъги ракъиялъги рухI лъугIарал гьаз хIукму гьабуна сордо инегIан гьениб хIухьбахъизе. Рокъов щивниги гьечIоан. Гьал жанире лъугьана, амма ракIалдаго гьечIеб хъачIаб гьаракь рагIун нахъ руссана. Ццидалго гьазухъги ялагьун ахIдолей йигоан ригь араб гIумруялъул, щват бугеб, жаниб цIураб лагаялъул гIадан. «Нуж дир бугеб жо кваназе рачIуна, немцаз дие кьезе бачIуна! ТIагIа дир къавулъа!»,-ян тIури щун ахIдолей йикIана гьей. Коляца гьелде туманкI битIизабулеб букIана, амма КъебедмухIамад цеве ккана. Гьес столалда тIад лъун букIараб рахьдал хъаба кьабун биччан тана гьелда, ч1ужуг1адан рокъоса лъутун ана. Солдатазул ццим гьалаг гьабун букIана гьелъ немцазул рахъ кколеб букIиналъ.

Хадубккун гьениб хIухьбахъи гьабизе рес букIинчIо. Щиб лъалеб букIараб кинай гIадан гьей кколей йикIараяли. Гьал жеги церехун хъурщана. Нахъисеб къоялъ госпиталь букIараб бакIалде щвана. ГIарадабазул гулби тIад рихъун, пасатго чIван ругоан лъукъарал. ЧIван йигоан сестра Вераги. Гьелдаса хадуб дагьалго къоял рана госпиталалда КъебедмухIамадица.

1943 соналъул ноябрь моцI букIана. КъебедмухIамадги госпиталалъул палатаялда ругелги врачазул радалисеб хал гьабиялдаса хадуб хIалхьиялда рукIана. РакIалдаго гьечIого жание ячIана госпиталалъул сестра. Гьей циндаго КъебедмухIамадихъ ялагьун чIана ва щибго абичIого нахъе ана. Гьеб пашманаб балагьиялъ цо кинабалиго щакдараби рижизаруна гьасулъ. Нахъисеб къоялъул радал госпиталалъул врачас пашманго кверги босун, «Эмен хванилан» Дагъистаналдаса бачIараб телеграмма кьуна гьесухъе. Гьелдаса хадуб КъебедмухIамад тIуванго рокъове виччана.

Гамида рекIун ине кколаан рокъоре риччарал. Порталъул рагIалде вачIунаго, чваххулаго кIиябго бадиса магIугун, кIиябго бох къотIарав ва цIулал гIисинал бурдузда хъурщулаго вачIунев солдатасда бер чIвана КъебедмухIамадил. «Дир хирияв, ваче дунги цадахъ, тIалаб гьабе дир гьаб ракь тезегIан»,-ян гьардолаго гьасда цеве чIун вукIана гьев. – ЛъикI буго, дица мун вачина, нилъ цадахъ рекIун рилълъина,-ян гьесдаги абун рагъулаб часталде векерана КъебедмухIамад. Гьениб къваригIелги тIубан тIад вуссарав гьев жиндирго беразда божулев вукIинчIо. Гьаваялдасан бомбаби ран кьвагьизабун бугоан гьал рекIине чIезабураб гама, лъеда тIад тIамун ругоан цо-цоязул тIагърал, чIван ватана дов бохдул къотIарав солдатги. «Чан гьединал бакIаздаса ворчIарав, лъидего бач1унгеги додинаб баллагь»,-абун ракIалде щвезабулаан КъебедмухIамадица.

Гьев ва гьединалго гIемерисел гьанже чIаго гьечIо, чIаго буго аза-азар гьединаз цIунараб берцинаб улка.ТIад вуссун хадув КъебедмухIамад хIалтIана гIемер батIи-батIиял бакIазда. Амма рагъда бихьараб гIакъуба-къварилъиялъ гьесул чорхолъе унти ккун букIана ва хвана I973 соналъул март моцIалда.

*МухIамад ХIУСЕНОВ.*

# Садовод

Страница в номере

## Весенне-летний пожароопасный период

Ежегодно а наступлением весны приходится сталкиваться с проблемой весеннего выжигания сухой травы и увеличением количества, вызванных им пожаров. Практически все травяные палы происходят по вине человека.

Многие люди до сих пор верят в то, что жечь траву – безвредно и безопасно, а иногда и полезно. Но вред, наносимый весенними палами, огромен. Весенние палы являются настоящим экологическим бедствием.

Из года в год в РД на территориях сельских поселений периодически происходят неконтролируемые выжигания сухой травянистой растительности на сельскохозяйственных землях и территориях, прилегающих к населенным пунктам.



В 2014 году на территории РД произошло 687 загораний сухой травы и 1 лесной пожар. По причине неосторожности при сжигании мусора, сухой травы в республике произошло 56 пожаров на различных объектах (жилые дома, магазины, стогов сена и др.). за истекший период 2015 года произошел 1 лесной пожар и 11 случаев возгораний сухой травы.

Печальная статистика свидетельствует о том, что причинами лесных и степных пожаров являются брошенные не затушение костры, оставленные окурки и спички, сжигание сухой травы.

В связи с этим:

В соответствии с Постановлением Правительства РД от 13 августа 2012 года № 273 «О мерах по противодействию выжиганию сухой растительности на территории РД» запрещается выжигание сухой растительности.

При использовании земельных участков категории земель сельскохозяйственного назначения собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы, арендаторы земельных участков обязаны:

-не допускать выжигания сухой растительности, соблюдать требования противопожарных, экологических, санитарно-гигиенических правил;

-в случае обнаружение очагов возгорания сухой растительности незамедлительно информировать органы местного самоуправления, обеспечивать мероприятия по тушению пожара и предотвращению распространения очага возгорания, в том числе опашку места возгорания;

-принимать меры по обеспечению надлежащей охраны используемых земель для исключения несанкционированного поджога сухой растительности или случайного возгорания, вызванного климатическими факторами;

-регулярно проводить противопожарные мероприятия, в том числе создавать минерализованные полосы, своевременно уничтожать пожнивные остатки безогневыми способами, обеспечить наличие первичных средств пожаротушения и охрану земельных участков от поджога, размещать информационные стенды о запрете выжигания сухой растительности.

Будьте предельно осторожными с огнем, выезжая на природу, строго соблюдайте правила пожарной безопасности.

*К. М. ШИХАЛИЕВ.*
*Начальник ОНД по Унцукульскому району УНД И ПР ГУ МЧС России по РД*

*Здоровье*

## От кариеса не убежищь

Зубная боль у детей, к сожалению, явление не редкое. Зачастую трудности с зубами предопределены малышам от рождения: это случается, если из-за болезней будущей мамы в первом триместре беременности появилась патология развития зубных зачатков у ребенка. Но и в нормальной ситуации все далеко не просто. В силу особенностей своего строения молочные зубы очень уязвимы для кариеса и склонны к множественным поражениям – мало того, что в одном зубике может быть несколько дырок, заболевание легко передается «соседям».

Болезнь развивается просто на глазах: инфекция распространяется все глубже, начинаются осложнения в виде пульпита молочных зубов и периодонтита, осложненного кистой зуба у детей. Первые коренные зубы – шестые моляры, которые прорезываются в пяти-, семилетнем возрасте, также весьма проблемны. Их жевательные поверхности покрыты глубокими фиссурами – щелями в эмалевом слое, бактерии в них чувствуют себя очень комфортно и размножаются в геометрической прогрессии.

***Дополнительные сложности***

Усугубляет и без того незавидное положение детских зубов любимое меню маленьких сладкоежек. Ребятам сложно пройти мимо варенья, пирожных и шоколада. Среди взрослых тоже немало любителей сладкого, но именно дети любят подолгу держать за щекой карамельки или надувать пузыри из жвачки – таким образом, их полость рта постоянно заполнена раствором сахара.

Гигиена молочных зубов в подавляющем числе случаев тоже страдает. Кто же из детей любит чистить зубы? Невкусно, противно, долго. Кроме того, малыши часто просто не умеют правильно пользоваться зубной щеткой, так что зубы прочищают нетщательно. А о существовании зубной нити и ополаскивателя мало кто из них даже догадывается.

***Меры предосторожности***

Иногда взрослый человек может избежать проблем, вовремя заметив первые симптомы кариеса: потемнение на поверхности эмали или повышенную чувствительность зубов. От детей этого ожидать не приходится. Кариозные полости у крошек развиваются безболезненно, так что если сильно болит молочный зуб, значит, можно предположить пульпит или периодонтит. Кроме того, когда боль возникает, ребенок не всегда способен объяснить, что именно его беспокоит.

Безвыходное положение? Вовсе нет! Рецепт тут один: будьте бдительны.

- Регулярно осматривайте зубы своего ребенка: потемнение эмали, необычный цвет десен, значительные скопления налета должны вас насторожить.
- Со вниманием отнеситесь к тому, что ест ваш сын или дочка. Диета, состоящая из пряников и конфет, исключается. Совсем лишать детей сладкого не стоит, но ограничить его потребление можно и даже нужно. Добавьте в их рацион больше свежих овощей и фруктов, не забывайте про витаминные добавки. Как именно ваш ребенок ест – тоже очень важно. Если малыш держится за щеку, жует на одной стороне, отказывается от любимых блюд, обязательно постарайтесь выяснить причину такого поведения.
- Следите за тем, насколько регулярно ваш ребенок ухаживает за полостью рта. Чтобы процесс был для него приятным, покупайте удобные и яркие зубные щетки для детей (и не забывайте менять их раз в три месяца), а также «вкусные» и безопасные детские зубные пасты.
- Если вы наблюдаете такое явление, как скрежет зубами у ребенка, обязательно обратитесь к врачу. Если не пресечь это заболевание на ранней стадии, то оно перейдет в тяжелую форму и может спровоцировать повышенную чувствительность зубов, кариес и его осложнения.
- Не забывайте про регулярные профилактические осмотры у детского стоматолога. Первый раз отвести ребенка к зубному стоит не позднее, чем через полгода после прорезывания первого молочного зубика, дальше график посещений врач составит индивидуально. Общее правило: в кабинете стоматолога даже те дети, которые ни на что не жалуются, должны появляться не реже 3 - 4 раз в год.
- Обращайтесь только к компетентным специалистам. Причина такой избирательности должна заключаться не только и не столько в специфике работы с молочными зубами: от человека, работающего с детьми, требуется, прежде всего, знание психологии, умение расположить к себе. Все наши страхи – родом из детства, так что позитивное отношения к стоматологам, сформированное в юном возрасте, здорово пригодится в дальнейшей жизни.

Кстати, зубной врач поможет не только тем, у кого есть проблемы с зубами, – здоровым малышам доктор предложит профилактические меры: профессиональную чистку, герметизацию фиссур, покрытие зубов защитным фторлаком. Он также научит вас и вашего ребенка правильной гигиене полости рта. Как хорошо вы выполняете его рекомендации, стоматолог легко сможет проверить во время следующего приема: в арсенале врачей есть специальный красящий состав, который выявляет скопления налета на зубах, – а все мы знаем, как полезны «контрольные работы», когда чему-то учишься.

**Молочные зубы все равно выпадут…**

Удивительная вещь: нередко родители, узнав от врача, почему болят молочные зубы у их любимого чада, и получив план лечения, отказываются что-либо предпринимать. Дескать, зачем мучить ребенка и, что скрывать, лишний раз платить деньги, если зубы все равно выпадут. Стоит ли говорить, что это в корне неправильная позиция. Больной зуб – это источник инфекции, а значит, потенциальная опасность для всего организма. Но прежде всего, есть риск патологий развития коренных зубов, чьи зачатки располагаются под временными зубами.

Значительное разрушение вовремя незалеченных молочных зубов – это показание к удалению. Образовавшаяся «прореха» в зубном ряду, скорее всего, приведет к проблемам детского прикуса, причем не только в юном, но и в зрелом возрасте. Придется прибегать сначала к ортодонтическим пластинкам, а уже по достижении десяти-, двенадцатилетнего возраста в этом случае детям показаны брикеты. А если не хватает передних резцов, то может нарушиться произношение звуков, и тогда потребуется помощь логопеда. Так что лечить молочные зубы просто необходимо!

*Ю. Д. ЯКУБОВ*
*Стоматолог*

***«Солдат! Дур бухIуге ракI, рукIунге нерваби, рагъда гьел х1ажалъуларо. Дулъ букIине бегьуларо гурхIел-цIоб. ЧIвай кинав ватаниги гIурусав, советияв инсан, лъалхъунге дуда цере херал яги руччаби, гIисинал васал ва ясал ругониги. ЧIвай гьел! Гьелъ мунго хвасар гьавизе вуго, гIуц1изе буго дурго хъизаналъул букIинесеб ва гIасрабазго машгьуравлъун вукIине вуго…!».***

*(194I соналда фашистазул командованиялъ Германиялъул солдатазде гьабураб хит1аб)*

# Рагъдаги ракълилаб гIумроялдаги

***КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъ немцазул фашистаздаса гIа-гараб улка цIунизе нижер ЦIатIанихъ росулъа рагъде ана 44 чи. Гьезда гьокьор рукIана гьанжего гьанже михъида хIур чIвалел ругелги, гIумруялъул сонал гIезегIанго эхеде рахаралги бихьинал. Рагъдаса тIад руссана гIицIго I9 чи. ХутIарал гIолохъабаз жидерго гIумру кьуна эбелаб ВатIаналъе гIоло. Исана 70 сон тIубана доб фашизмалъе ахир лъураб рагъул кьвагьи къотIаралдаса. Амма долдаса нахъе гьелщинал сонал аниги жакъаги росуцоязда ракIалда буго рагъул балагь тIаде бачIун, рекIкIав тушманас хIиллаяб куцалда нилъеде тIаде кIанцIи, гьев нахъе хъамизе рагъде унел гIолохъаби тIоритIулеб заман. Росу рагIалде тIолалго гIадамалги рахъун регIун рукIана рагъде унел рукIарал гIолохъаби.***

Гьел къоязда рагъде тIоритIаразда гьорлъ вукIана МухIамадов ХIамидги. ГьитIинго эменги хун бесдалго хутIана гьев ва гьесул вац ГIиса. Амма гьезда бесдаллъи лъазе течIо эбелалъ. ПорцIизегIан жийго кваначIого ва черх бацизегIан жинцаго ретIел ретIинчIогоги хIетIалде рахьинаруна гьелъ лъимал, кигIанго рес гьечIониги бесдаллъи лъазе течIо васазда. Гьанже бетIербахъиялъе гIун ругин васалилан ккараб мехалъ кIиявго васги рагъдеги ун хутIана эбел.

ХIамид рагъде ана бищунго рагъул кор боркьараб I942 соналда ва ккана Сталинградалъул рагъулъе. ЦIикIкIараб къуватал тIаде рехун рукIана тушманас.

- Цо нухалъ бецIаб сардилъ тушманасде тIаде гьуна нижер кьвагьдохъабазул полк,-ян ракIалде щвезабулаан рагъул гIахьалчияс.

– РечIчIулеб букIараб гулла хералъул гIемерлъиялъги, сардил бецIлъиялъги нижеда лъалеб букIинчIо тушманасулги нижергоги солдатал ратIа гьаризе. РечIчIулеб букIана данде вачIунев вихьа-вихьарасда, чIвалел ва хIатIикь мерхьунел рукIана солдатазул жаназаби. Рогьалилъ, хъахIлъи рехараб заманалда, нижеда рихьана чIваралщинал солдатазул гIемерлъи, лъукъаразул угьи-зигариялъ битIахъего ракI унтизабулеб букIана, бакI-бакIазда рукIана рогьинегIан хIатIикь мерхьунел рукIарал рагъухъабазул жаназаби. Нилъер рагъухъабиги ралагьун чIун рукIинчIо, гьезги цIа лъолеб букIана жидехъго бугеб гулла-хералда рекъон тушманасда. Гьеб рагъда дицаги 3-4 тушманасул солдат чIвана. Хадуб нахъеги хIалуцана кьвагьа-гIанхъи. Гьеле гьеб мехалъ тушманасул гулла щвана дир кваранаб ризилагаялда, тIокIалъ дида ккараб жо лъаларо.

Дун лъавуде вачIана санчасталда. ГIемераб би чвахун бугоан дир ругънадаса. Ругъун сахлъуларого лъабгогIан моцIалъ кIвекIана дун бусада. ГIемер рукIана хIалхьи гьечIел, ругънал ссудулел сардал-къоял. РахIат букIинчIо вац ГIисал хIакъалъулъ щибго хабар лъачIолъиялъги. Цоцаздаса ратIалъаралдаса нахъе цониги нухалъ дандчIвачIо гьевгун.

ГIемераб заманаялъ больницаялдаги вегун мадар лъугьине байбихьарабго дица нахъеги цIидасан рагъде витIе,-ян гIарза кьуна. Гьеб мехалъ вагъизе ккана цоги батIияб полкгун цадахъ. Дида ракIалдаса унаро Волга гIорда тIад чIвараб цIерги гъур-гъурун нижго тушманасде тIаде кIанцIизе унел рукIараб заман. Тушман чIвазе щвей гуреб тIокIаб батIияб мурад букIунароан нижер рекIелъ. Гьеб рагъда лъукъана дир кваранаб квер. ТIокIалъ кодоб ярагъ кквезе кIвечIо дида. Нахъеги витIана санчасталде. ГIезегIан заман бана квер рукIалиде кколарого, ахирги кверги гIайиблъун, ругъунги сахлъун, кIиабилеб группаялъул инвалидлъиги чIезабун дун рокъове витIана. Гьеб букIана рагъ лъугIун бергьенлъи босараб заман.

Дир рагъул лъикIав гьалмагъ вукIана Балахьуни росулъа ГъазимухIамадов МухIамад. Бакуялда ругьунлъабазул заманалда цадахъ ккана ниж, гьелдаса нахъе дун лъукъизегIан цадахъ рагъулелги рукIана, вацаз гIадин ургъелги бикьулаан, щвараб чадил кесекги бащад гьабулаан. Гьужумалъ рахъараб мехальги кидаго цадахъ рукIунаан, рагъул соназул гIемераб кьогIлъи цадахъ къулчIана нижеца.

Рагъ лъугIун хадуб ХIамид жиндирго гIумруялъул гьудул Багичогун цадахъ гIемерал соназ хIалтIана гIагараб колхозалда. Ва жиндирго бажариялда рекъон захIматалъул мустахIикъаб бутIа лъуна колхозалъул экономика щула гьабиялъулъ. ХIамидицаги Багичоцаги гIезабуна лъабго лъимер. Гьев вукIана росуцояз адаб-хIурмат гьабулев, кидаго жиндаго бажарараб кумек росдал гIадамазе гьабизе бокьулев, гIадатияв, рагьалъ кьогIал дарсал кьурав, ракI гIатIидав, гьайбатав инсан.

ГIемер рачIунаан рагъул гIахьалчиясухъе росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби, ахIулаан гьев ракI лъикIав херав цIалдохъабаз зама-заманалда жидехъего школалде гьоболлъухъ дандчIваязде. Ва кидаго гьес цIалдохъабазе гIатIидго бицуна ан советиял рагъухъабазул бахIарчияб къеркьеялъул хIакъалъулъ.




*Асият ЖАМАЛУДИНОВА.*
*ЦIатIанихъ росу.*

# Биччанте гIолилазе дарслъун букIине

1939 соналда жиндирго гIелалъул гIолохъабазда цадахъ ВатIаналда цебе тIадаб налъи тIубазе армиялде ахIана Генуб росулъа ХIабибов Закаригаги. Росу рагIалде гIага-божаралги рахъун, нухда регIана гьев ва цогидалги гIолохъаби росуцояз.

Ленинградалда аскIоб бугеб Песочный абулеб гьитIинабго рагъулаб шагьаралда унеб букIана гьесул тIоцебесеб хъулухъалъулаб сон.

…РакIалдаго гьечIого хисана ахIвал-хIал. КватIараб сардилъ гьал поездалда рекIана Зашейки абулеб гьитIинабго шагьаралде. Гьенир рана дагьалго къоял.

Ротаялъул командир Абидовас солдатал данде ахIизе команда кьуна. Закаригае даимго ракIалдаса унареблъун хутIана жиндирго кIалъаялъул ахиралда гьес абурал гьал рагIаби: «Гьалмагъзаби, солдатал! Нилъер улкаялде бачIун буго цIакъго кIудияб балагь. Ракълие гьабураб къотIиги хвезабун, гитлерилаб фа-шизм хиянатаб куцалда тIаде кIанцIун буго. ВахIшиял фашистаз мерхьунеб буго нилъер ракь, чIунтизарулел руго шагьарал, гъурулел руго гIайиб гьечIел гIадамал. Гьезул къасд буго нилъ хIакъираб гIумро гьабизе тIамизе. Йохъ, нилъ чIаго рукIаго гьеб букIине гьечIо. Эбелаб ВатIан цIунизин, гьалмагъзаби…»!.

Рагъул байбихьудаго Баренцево ралъдада аскIоб бугеб Кольский чIинкIиллъиялъул порталъулаб шагьар Мурманскиялде хиял гьабулеб букIана гитлерилаз. Гьеб хъамалчилъиялдаса цIуниялъе щулалъи ккве букIана Закаригаца хъулухъ гьабулеб ротаялъул аслияб масъала. Гьеб букIана ункъабилеб батальоналъул тIоцебесеб пулеметнияб рота.

Ралъдадасан ва гьаваялдасан гьужумал гьарулел рукIана гитлерилаз гьенибе. Гьеб порталъулаб шагьар цIунизе тIадеялдаса тIаде къуват рехулеб букIана нилъецаги. Щулалъи ккуразе И. В. Сталинил буюрухъ букIана, «Цо галиялъ нахъе къаге»,-абун.

Гьеб буюрухъ намус бацIцIадго тIубазабулеб букIана солдатаз. Рагъ гьоркьоб къотIараб заманалда ротаялъул командирас гьезие бицунаан гьеб порталъулаб шагьаралъул улкаялъе бугеб кIваралъул ва гьеб кодоса ани бугеб хвалилаб хIинкъиялъулги.

Кольский чIикIиллъиялъул дагьабго бакI бахъун букIана гитлерилаз. I942 соналда къойилго тIаде кIанцIиялги гьарулел рукIана гьез гьенисан. Щибаб рагъулъ чIахIиял камиялги кколан кIиябго рахъалъе. «ЦIад бан хадуб рукIунел гIисинал ихал гIадал чIварал гIадамазул бидул хIорал рукIунаан къватIахъан»,-ян пашманго ракIалде щвезабулаан Закаригаца жиндирго ва гьалмагъзабазул рагъулаб нухалъул бицунаго.

Мурманскиялда ункъабилеб батальоналъул кьвагьдохъабазул ротаялда ва разведкаялъул группаялда рукIана Унсоколоса ВухIамагIалиев ГIусман, ГIабдулаев КъебедмухIамад, ХарачIиса Камилги. Гьев чIван вуго I943 соналда. ЗахIматго лъукъун гIакълуялдаса арав Камил тIаде ворхизавун вуго Закаригаца. ЧIваркьун гьесда бадиреги валагьун, гьимун вуго гьев ва «дир эбелалда хIакъикъат бице»,-янги абун рухI босун буго. Рагъдаса тIад вуссун хадуб гIемер ячIунаан гьев чIварав солдатасул эбел дихъе,-ян бицунаан Закаригаца.

I944 соналъул июнь моцIалде щвезегIан щулалъи ккуна гьез Мурманскиялда. Бахъизе кIвеялда хьул къотIун, гитлерилаз рехун тана Кольский чIинкIиллъиялде гьарулел гьужумал ва гьелдаса ха дуб гьал ритIула Украиналъул ракь хъамалчагIаздаса эркен гьабизе.

I943 соналъул ахирият моцIаздаса нахъе гитлерилазул тIадекIанцIиязул къуват дагьлъула, гьез нахъе къазе байбихьана. Фашистаз нилъер ракьалда гьарулел вахIшиял ишаз ццим гьалаг гьабурал гьазул щивасул анищ букIана хиянатчагIи жидецаго рагъ байбихьараб бакIалде – Берлиналде щвезегIан хъамизе. Амма нилъер ракь тун хадуб Данский абулеб шагьаралде щведал Закаригае битI ккечIо. Кьвагьи гIодобцараб заманалда цо гьитIинабго лъарал рагIалда лъим гьекъезе танкалда жаниса къватIиве вахъунев гьев захIматго лъукъула. Гьеб букIана I945 соналъул март моцI.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гIезегIаналго шапакъатазе мустахIикълъун вукIана Закарига ХIабибов. Гьесие кьун букIана «Слава» орден, «Советияб Заполярье цIуниялъе гIоло» ва рагъ лъугIун хадур кьуралги рукIана гIезегIаналго медалал. Амма гьанже гьев нилъгун гьечIо.

ЗахIматго бахъана нилъер умумаз эркенлъи. Ракъун, къечон, хвалилаб хIинкъиялда гъоркь, щуго соналъ къеркьана гьелъие гIоло. Амма нилъер гIолилазда гьеб бичIчIулеб гьечIо. Гьелъие гIилла батизе бегьула бергьенлъиялъул къимат гьезда бичIчIунгутIи ва лъалез бицунгутIи. Биччанте Закарига ХIабибовасул рагъулаб нух гIолеб гIелалъе дарслъун букIине.

*С. КЪЕБЕДМУХ1АМАДОВА*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 17-18 (7158)*
*8 май 2015 сон*

*7 гьумер*

*Багьадур холаро - гьунар хутIула*
*Хабар къотIиларо нужер бицунеб.*
*Рогьел гвангъун щола, цIваби кенчIола*
*КучIдул лъугIиларо, нужер хIакъалъулъ*

# *БукIана гIассияб, гурхIел гьечIеб рагъ*



БукIана гIассияб, гурхIел гьечIеб рагъ
Биял гIодор тIурал гIемер миллатаз.
Зобалда, ракьалда, гъугъай кутакаб,
ЦIадул кор боркьараб, кьвагьи гIемераб.
Гитлер, Геббельс, Гимлер, немцазул къукъа
Къавулъе лъугьана Германиялъул
Дол фашизмаялъул идеологаз
Божизе гьабуна жиндирго миллат.
Барбаросил план кьучIойги босун
Кьолона фашистал дунял квегъизе,
Жидер цебе тIураб «расса» кколилан
Расги гIайиб гьечIеб гIалам гъуризе.
Берлин, Рим, Токио – соназги гIуцIун
ГIергIедана Гитлер рукъун заралгун,
Кверщаликье ккарал ракьалги чурхъун
Рагъул сурсатал дос щула гьаруна.
Щокърое щвезегIан яргъид гIуцIарал
РикIкIен гьечIел боял цереги рехун
Чияр ракь бахъизе хиялги гьабун
Хехго цеве ана хъантIарав Гитлер.
Байбихьуда щварал бергьенлъабаца
Мехтана фрицал, воххана Адольф
ДандечIей гьечIого рахъарал ракьал
МахI сунтIизе гIечIо Германиялъе.
ТIолго дуняладда кверщел гьабизе
Хиялал гьаруна гIащтIичагIаца,
Бащадаб Европа кодойги босун
Ирга щвана гьанже СССРалде.
Ракълие гьабураб къотIиги биххун
Божуда рекIкI гьабун, хIиллаги ургъун,
Тохлъукье яргъилал къуватги рехун
ГIорхъи бахун жанив лъугьана тушман.
Къуватав тушмангун цIоб гьечIеб рагъда
БахIарчилъиялда холел рукIана,
Рагъулаб гьаялъе жалго ритIухъал
Аза-азар нилъер гьайбатал васал.
Фашистазул чакма чIараб бакIалда
Кинабго чIунтана, чIагольи хвана,
Гъанкъарал гIадамал дализабурал
ГIурдул гIемерлъана, сверухъ рохь гIадин.
«ЦIияб гIадлоялъе» инкар гьабурал
БотIролъ гулла речIчIун чIвалаан хехго.
Арийцазул сипат рекIее гIечIел
ЧIаго рехулаан хобалда жанир.
Гьалмагъ Сталинил бетIерлъиялда
ГIуцIана ГКО – нухмалъиялъе
Гитлерил ордаби щущазаризе
Реххана ВатIаналъ тIолабго къуват.
Киналго миллатал цоцалъги гъункун
Тушманасде данде къолденлъун чIана.
Жибго «пири» гIадаб хехго лъугIулеб
Рагъалъ т1олго дунял кодой босизе
РакIалда букIана фашизмаялъул
Нухмалъи гьабулел гьагал бутIрузда.
РукIана чIахIиял камиялги ккун
Ккараб жо бицине нугIзал хутIичIел,
ГурхIел-цIоб лъаларел, бияз рельарал
Кидаго рагIичIел вахIшиял рагъал.
Чангиги миллатал концлагеразда
ГIазаб-гIакъуба кьун хвезе гьаруна,
Чанго аскарияв асирлъиялда
Араб бакI лъачIого тIагIинаруна.
Москвалда гъоркьан кьаби щварабго
Рагъ халалъулеблъи лъана немцазда,
Сталинградалда горболъ жо байдал
Гитлерил лугбузда сири речIчIана.
Рагъулаб коронир рижун рачIана
ЦIар арал маршалал, генералзаби
Жуков, Василевский, Конев, Толбухин,
Рокоссовский, Чуйков ва цойгидалги.
Курскиялда сверухъ тIад цIа бакидал
Фюрерил хиялал хIурудахъ ана,
Берлиналъул щобде кьвагьи бахъиндал
Хъубав Геббельсица – гIажал босана.
РикIкIун хIал кIоларо нилъер бахIарзал
ВатIан цIунулаго жидер рухI кьурал,
Рицун лъугIиларо гьезул гьунарал
Рагъул фронтазда рихьизарурал.
Маршал Жуковасул нухмалъиялда
Нилъер аскараца Берлин босана,
Гьайбатаб иххдалил ичIабилеб Май
Бергьенлъи босараб къолъун рикIкIана.
Гьале лъабкъоялда анцIго сон бана
Бергьенлъи нилъеца босаралдаса.
Гьеб къо киданиги кIочон теларо
ХутIила даибго историялда!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**
**Кизилюрт.**

# *ГIагараб ракьалда хоб щвечIел васал*

Хабалазул рагIал, росдада цебе
Буго эхетун си хоб лъаларезе.
Мармаралъул къоно, къоло ичIго цIар,
ЦIадул рагъда хварал росуцоязул.
Гьелъул гьумералда лъун буго сурат
Солдатасул гурхIел бихьизабулеб,
ГурхIел гьечIеб рагъда, гьитIинаб лъимер
Миллат цIехечIого хвасар гьабулев.
Инсухъ балагьун вас, вас щвелин эбел
Анищал рукIана нахъ руссунелин.
ЧIегIер бараб ратIлилъ гьезул улбузул,
Хьул къотIун букIинчIо чIаго ратулин.
РикIкIада хутIана доб рагъул гъугъай,
Гъаримал ракIазул тIубачIо анищ.
Васал гIун рачIана, гIелал хисана
Заманаялъ регъон ругънал цIилъана.
ГIагараб ракьалда хоб щвечIел васал
Мисаллъун хутIана хадур гIолезе.
ГIасраби сверила, санал хисила
Нуж чIаго хутIила нижер рак1азулъ.

***М. МУХIАМАДОВ.***
***ХъахIабросо***

# Кидаго кIоченаро

Кавказалъул кавудахъ Гитлер кIетIезе лъвиндал
ИнкIкIвадерил васазги чуял руго кьололел.
АхIичIого вачIарав тушман гIорхъоде щведал
ХIарччилазул бихьиназ ярагъ буго борчунеб.
Херал умумул тана, талихIаб гIумру тана
Гьале кього гIолилав росдай къолъикIги гьабун,
Бекьдерил щобаздасан руго лъоле тIерхьунел
Гьазул цонигиясда михъ-мегеж гьечIо баккун.
Амма ВатIан цIунизе гьираги шавкъги буго,
Гьазул цонигиясда жегиги яс кьочичIо
Амма Гитлерил бетIер къотIилилан гьедана.
Росулъ пурцил гIоркь кквезе мадарав чи хутIичIо
Чи хвани хоб бухъизе хараби гурон гьечIо,
Рекьи, рухьи, лал тIами, тIолабгоги магIишат,
Дугъдан рачелалги къан, тIубана руччабаца.
МоцIалгин санал ана, рагъул гъугъай къотIичIо
Хасел ун ихх бачIана, васазул хабар гьечIо.
Гьоркьо-гьоркьор цо-цояз сабаб кагътида жаниб
Иххдал Берлинги бахъун, нахъ руссинин бачIана.
Ургъелаз, ракьи-къечалъ, хIал дагьлъарал умумал,
Къойил руго балагьун, васаз бегараб щобде.
Гьаз щибаб какда хадуб гьарула Аллагьасда
Гьабе Аллагь кумекин, цIуне нижер васалин.
Цо къоялъ щвана чапар, росдал годекIаниве,
Рагъ лъугIанин рохалил хабарги росдай босун.
АхIичIого вачIарав Гитлерги чукъабиги
Рогьояб къагIидаялъ къванин нилъекьайилан.
Амма рагъ лъугIаниги киналго тIад руссинчIо
Хвара-хваралъур рукъун, хутIана хандакъазда.
Лъабкъоялда анцIго сон ана долдаса нахъе
Амма нуж чIаго руго росуцоязул ракIалъ.
Нужеца гIумру кьураб хIукумат бихханиги
Наслабазда нужер цIар кидаго кIоченаро,
Нужер цIар хъвараб зани хабалалъ гьечIониги
Нужер бахIарчилъиялъ, кьола нижее къуват!

ГIабдула-хIажи
МУХIАМАДГIАЛИЕВ
ХъахIабросо.

# Солдатасул лъади

ВатIан цIунизе ун, тIад руссинчIезул
ЧIегIер бахъичIого, херлъарал лъудби,
Хасалил цIоройги, роол бухIиги
Магьикьги, гьагьикьги арай мугIрул цIум.

Гуллие керен кьун, кьалда вугесул
Пикрабалъ тIамуна, дуца магьикь къвал,
Къвали, гIабукI кванан къоялги тIамун
Хьухьарал гьалъ дуе, квасул щватаби.

Мун тIад вуссиналъухъ, урхъун балагьун
Бараб щуго соналъ хъахIлъана къунщби,
ГIагиниб бох камун тIад руссаразухъ
Урхъун ялагьана, дир кив вугеван.

Дурав бендеразул рохьахъ къанщана
Гитлерил божарал гьалбал цIунулев,
Гьезул наслабиги гьездаго рельлъун
Жакъа Россиялде рищни-къул хъвалел.

Эбел ВатIан цIунун рухI кьун хваразул
Лъималазул лъимал херлъулел руго,
Чан кIудадал зани гьечIеб хабалалъ
Араб бакI лъачIого рагъда тIагIарал.

Рагъда тIагIаразе памятник бана
Росдал жамагIатаз Дагъистаналда,
Солдатасул чIужу, мун кIочон тана
Тушман чIвачIониги хIалтIуй къуркьичIей.

ЖабрагIил ХАЛИДОВ.



**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 17-18 (7158)*
*8 май 2015 сон*

*8 гьумер*

**Дида ккола рагъда камурал васал**
**Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин,**
**Лъоба, борхалъуда, хъахIил зобазда**
**ХъахIал къункърабазде сверун ратилин...**



## Орденазул кавалерал



ХI. МахIачев Унсоколо росо



М. Жамалудинов - ГьаракIуни



ХI-ГI. МухIамадов - Генуб



ГI. Жамалудинов - ГьаракIуни

# Гьас гIумро кьуна Харьковалъе гIоло



ГIабдулаев ХIасан МухIамадович гьавуна I9I8 соналда Унсоколоса ГIубайдулаев ХIасанил вас МухIамадилги МухIастанова Марямилги хъизаналда. ГьитIинго лъаялде рокьи бугев чи вукIун вуго гьев. Гьелъие хIужалъун ккола лъабабилеб классалда цIалулев вукIарав ХIасан 5 классалде вачин. Жиндирго кьерилаздаса цебе школаги лъугIизабун ХIасан цIализе уна Темирхан-Шураялъул (Буйнакскиялъул) педагогикияб училищеялде. Бергьенлъиялда гьебги лъугIизабун ХIасан хIалтIизе витIула ХъахIабросдал школалде учительлъун, хадувго хIалтIана гьеб школалъул директорлъунги.

ХIасан вукIун вуго батIи-батIиял предметал лъазаризе гъираги бажариги бугев чи. Жеги школалда цIалулев заманалдаго гьес лъикIго лъазарун руго гIурус ва немец мацIал. Гьесул рукIун руго гIемерал гьудул-гьалмагъзаби, гьезие гIоло хвезе ине хIадурав, кутакалда гъорлъ восарав, лъайги бажариги бугев чи вукIанин бицуна гьев лъалез. Гьесул эбел, дир кIудияй эбел Марямица бицунаан гьев къватIиса рокъове вачIараб заманалда цо параялда жаниб 20 чиги гIолаанин рокъор. Гьезул гIемерисел рукIун руго Х1асанго гIадал учительзаби, Темирхан-Шураялда педучилище лъугIарал. Рехсезин гьезул чангоязул цIарал: ГIамирхIамзал Г1усман, Лабазанил НурмухIамадил васал Лабазан ва Султ1анмухIамад, ХIажиев Зайнулагь, летчик ГIабдулаев ГIабдулсатар, фельдшер ХIаскъилов МухIамад, росдал Советалъул хIалтIухъан КъурбангIалиев МухIамад ва цогидалги. Гьесул гьудулзабазул 40 чи рехсолаан ХIасанил эбелалъ. Гьел ккола I940 соналъул хаслихъе рагъулаб налъи тIубазабизе Советияб армиялде арал гIолохъаби.

ТIадехун цIарал рехсарал ХIасанил гьудулзабазул цонигияв рагъдаса тIад вуссинчIо, гьез киназго рухI кьуна ВатIаналъе гIоло.

Хъулухъ гьабизе ХIасан ккана Харьков областалъул чотIа рекIаразул армиялде. Немцазул фашистал тIаде кIанцIараб мехалъ гьезде дандечIей гьабун буго чотIа рекIаразул эскадроналъги. БитIухъего рагъул кор боркьараб ва тушманас нилъер гIолохъанаб советияб улкаялде кутакаб къуват рехараб заманалда гьезде данде рагъизе ккола гIорхъода гIагардухъ рукIарал рагъухъаби. Гьезда гьоркьов вукIана ХIасанги. Рагъ унеб бугеб куцалъулги, рагъда жидецаго бихьизабулеб бугеб къо хIехьеялъулги бахIарчилъиялъулги бицун рокъоре гIемерал кагътал ритIун рачIунел рукIун руго гьес. Эбелалъухъе ахирисеб кагъат бачIун буго I94I соналъул ахиралда, декабрь моцIалъ. Кагътида гьес хъван бачIун буго жив лъукъун госпиталалда вугин, анлъго ругъуналдаса цо ругъун хутIун бугин сахлъизе, гьеб сахлъарабго жив нахъеги тушманасде данде вагъизе ине вугилан. Гьелдаса нахъе тIокIалъ хабар бачIун гьечIо ХIасанил. Хадуб I942 соналда гьев хванилан извещение бачIун буго гьебго Харьковалдасан. Гьедин жиндир гIолохъанаб гIумро жакъасеб талихIаб къоялъе гIоло кьуна росдал цIа гIадал васазул цояв, мугIалим, гIун бачIунеб гIел куцазе кутакалда цIикIкIараб рокьи, гъира, махщел букIарав ХIасан ГIубайдулаевас.

Армиялде унеб мехалъ росулъ гьесул йикIана абурай ясги. Чан ригьин бачIаниги цонигиясе инчIого абурав вачIинегIан анцIгогIан соналъ ялагьун чIун йикIана гьей. ТIад вуссиналдаса хьул къотIун хадуб ана гьей цогидасе. ХIасанил эбел – МухIастанил Марияница баркала кьун буго васасе абун йикIарай ясалъе гьебгощинал саназ росасе инчIого чIаралъухъ.

***ГI. МУХIАМАДОВ.***
***Унсоколо росу***

# *Херал солдатал*

Рагъдаса руссарал херал солдатал
Сонал анагIан нуж дагьлъулел руго,
Гулбузе къуркьичIел, кьалул бахIарзал
Кьерда чIезе гIурал хутIун гьечIо нуж.

Жанир хIатIал гьечIел цIулал чакмаял
ЦIакъ нагагь кьирулеб руго къватIазда,
Къвалал чIорогоял гордал ретIарал
ГодекIабахъ цIакъ дагь руго дандчIвалел.

Дида кколароан бергьенлъиялъул
Багьа учузлъилин, сонал аниги,
Солдатасул ишал, цIарал кIочараб
ЦIогьабазул заман тIаде щвелилан.

Нужер гьунаразе, шапакъатазе
Щайха жакъа рагIад рехулеб бугеб?
«Маххул дахIабиги» далун ругилан
Гаргазе цо-цоял нечолел гьечIел?

Гьезий жаваб кьун щай, гьел цIукIабазул
ЦIун рукIинчIищ нохъал рагъул соназда?
Сахал гIолохъабаз гIадамазда гьорлъ
ГIунсби рукIинчIищ ккун, паспортал гIадин.



Амма лъала дида, херал солдатал
Нуж хисулареблъи бараб гьаялъе,
Гьал рачIунел-унел пударухъаби
Нужеца хьат чIвалел чагIи гурелльи.

Лъала окопазда ккараб гьудуллъи
Гьедиг1ан учузаб бук1унареблъи,
Гьури хисарабго, хабар сверулел
«Хъулухъчаг1азда» нуж рекъоларелльи.

ЧIумал тIолел руго, сонал анагIан
Солдатал заназде сверулел руго,
Сверила гIасраби, гIела наслаби,
ГанчIазда цIалила гьез нужер цIарал!

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28

Телефон редактора
55-63-07
sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -6 .5. 15 г. 18.30
фактически -19.20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.